

Chè Paran/Responsab:

Nenpòt timoun ki edike ak lajan piblik dwe evalye yon fwa pa ane. Elèv nan klas 3-8 ak lekòl segondè yo evalye nan Lang ak Literati Angle ak Matematik. Elèv ki nan klas 5yèm, 8yèm ane, ak lekòl segondè yo evalye tou nan Syans ak Teknoloji/Jeni.

Pandan reyinyon ekip Plan Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Plan, IEP) pitit ou a, yo te revize direktiv evalyasyon yo, ak kritè pou patisipe nan evalyasyon altènatif la. Dapre prèv yo te detèmine ke pitit ou a te elijib pou patisipe nan Evalyasyon altènatif MCAS (MCAS Alternate Assessment, MCAS-Alt) nan ane k ap vini an, olye ke tès estanda MCAS la.

Pwofesè pitit ou a (yo) ap kolekte done ak echantyon travay nan ansèyman chak jou pandan ane lekòl la epi prezante materyèl sa yo nan yon kasye MCAS-Alt ki montre nan ki nivo pitit ou a atenn objektif nan matyè ki endike anwo yo. Done yo kolekte ede enfòme desizyon ansèyman yo epi montre pwogrè elèv yo nan atenn objektif yo idantifye yo.

Y ap voye materyèl evalyasyon yo bay Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) nan fen mwa mas oswa nan kòmansman avril pou yo ka revize epi fè nòt. Y ap rapòte nòt yo ba ou menm ak lekòl la nan sezon otòn la. Malgre ke MCAS-Alt la baze sou estanda nivo klas yo, lòt estanda pèfòmans akademik sa yo mwens konplèks men yo te idantifye kòm yon defi ak apwopriye pou pitit ou a.

Chak ane, ekip IEP a pral revize desizyon an pou detèmine fason ki pi enpòtan pou pitit ou a patisipe nan evalyasyon atravè eta a: MCAS-Alt, oswa tès estanda MCAS ak akomodasyon.

Nou vle w konnen ke patisipasyon pitit ou nan yon evalyasyon altènatif kapab alalong retade oswa afekte abilite l pou li kapab satisfè egzijans leta yo pou l obtени yon diplòm lekòl segondè, paske MCAS-Alt la evalye estanda aprantisaj ki pi ba pase nivo randman nesesè pou l jwenn Detèminasyon Konpetans lan. Pou plis enfòmasyon sou kondisyon gradyasyon ale nan [www.doe.mass.edu/mcas/graduation.html](http://www.doe.mass.edu/mcas/graduation.html).

Pwofesè pitit ou kapab reponn kesyon w genyen sou MCAS ak MCAS-Alt yo, oswa ou kapab rele Biwo Depatman Edikasyon Primè ak Segondè pou Evalyasyon Elèv DESE a nan 781-338-3625.

Mèsi pou atansyon w sou enfòmasyon enpòtan sa a.

Ak tout kè mwen,